



Yon ti Gid toukout sou Fason pou mande Èd nan Biwo ki Plede anfavè Kontribyab (Office of the Taxpayer Rights Advocate)

Èske ou gen pwoblèm pou jwenn solisyon yon pwoblèm taks nan Depatman Taks nan Eta New York (New York State Tax Department)?

Biwo ki Plede anfavè Kontribyab gendwa kapab ede w. Nou se yon òganizasyon endepandan nan depatman an ki pran angajman ede kontribyab nan Eta New York grasa asistans gratis e endepandan nou bay kontribyab.

Nou ede kontribyab lè:

- dèt taks lakòz difikilte ekonomik egzajere oswa lè yo fè li difisil pou respekte yo; oswa
- yo pa kapab jwenn solisyon pwoblèm yo nan chemen oswa pwosedi nòmal depatman yo.

Fason pou mande èd

Pou aplike nan biwo nou an, soumèt Form DTF-911, *Request for Assistance from the Office of the Taxpayer Rights Advocate* (Fòm pou mande Èd nan Biwo ki Plede anfavè Kontribyab) (ki disponib ann anglè sèlman).

Ou ka jwenn Fòm DTF-911 la:

- sou entènèt, oswa
- si w rele nan (518) 457-5431.

Ou ka aplike oswa reprezantan w ka aplike onon w. Si w vle bay yon moun otorizasyon, pa egzanp yon moun ki prepare taks, pou resevwa enfòmasyon konfidansyèl ou ak aji onon w, ranpli Form POA-1, *Power of Attorney* (Fòm Pwokirasyon). Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Piblikasyon 3004.

Nou envite w idantifye ak rekòmande tou solisyon pou pwoblèm ki kapab genyen nan Depatman Taks nan Eta New York oswa nan New York State Tax Law (Lwa sou Taks nan Eta New York). Rekòmandasyon yo gen ladan pwoblèm ki konsènen anpil kontribyab e ki pa konsènen annik yon sèl kontribyab, pwoblèm ki gen rapò ak sistèm depatman an, règleman ak pwosedi oswa rekou lejislatif. Ale nan www.tax.ny.gov/tra/systemic.htm pou fè rekòmandasyon sa yo.